QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«23» Июль 2021-у. №01-04/03-3393 «____»-__________ 2021-j.

**Нөкис қаласы Ҳәкимлигине**

***Сизиң 2021-жыл 05-июль күнги 07-04/01-санлы хатыңызға:***

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 5-июльдеги «Улыўма билим бериў мектеплерин 2021/2022 оқыў жылына таярлаў илажлары ҳаққында»ғы №391-санлы Президиум қарары тийкарында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 5-июньдеги №141-б-хдфу-санлы пәрманы тийкарында 392 билимлендириў мәкемелеринде қурылыс-оңлаў жумысларын алып барыў ҳәм олардың материаллық-техникалық базасын беккемлеў мақсетинде ислеп шығылған есап-китаплар тийкарында жәми 40 млрд. 363 мың 800 сўм қаржы ажыратылып, қурылыс-оңлаў жумыслары алып барыў режелестирилген.

Соннан, Нөкис қаласы ушын 46 улыўма орта билим бериў мектеплериндеги 48 сайлаў участкасы ушын Сиз тәрептен 6 млрд 393 млн 100 мың сўм, мебель топламлары ушын 873 млн 600 мың сўм, жәми 7 млрд 266 млн 700 мың сўм қаржы талап етеди деп усыныс берилген.

Бирақ, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими хызметкерлери тәрепинен таярланған нуқсан далалатнамалары (дефектный акт) тийкарында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы бирден-бир буйыртпашы хызмети "Инжиниринг компаниясы" тәрепинен таярланған смета бойынша қурылыс жумыслары ушын талап етилетуғын қаржы 4 млрд 365 млн 700 мың сўмды қурамақта ҳәм жоқарыда көрсетилген барлық билимлендириў мәкемелерине компьютер техникалары ҳәм қосымша қураллар менен толық тәмийинленген.

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2016-жыл 20-июльдағы «Корея Республикасы Экспорт-импорт банкиниң Экономикалық раўажландырыў ҳәм шериклик жамғармасы қатнасында «Улыўма орта билим бериў мектеплеринде ахборот-коммуникация технологияларын және де раўажландырыў» инвестиция жойбарын әмелге асырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-2063-санлы қарарына муўапық, улыўма орта билим бериў мектеплерин жәми 2 859 топлам компьютер техникалары менен тәмийинлеў режелестирилген болып, соннан Нөкис қаласындағы 21 улыўма билим бериў мектеплерине жәми 298 дана компьютер үскенелери менен тәмийинленген.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 5-июльдеги №391-санлы Президиум қарарының 4-бәнтине муўапық, «улыўма орта билим бериў мектеплеринде қурылыс-оңлаў жумысларын алып

Xalq ta'limi tizimiga oid barcha yangiliklardan quyidagi havolalar orqali xabardor bo'lishingiz mumkin
www.uzedu.uz t.me/uzedu facebook.com/uzedu instagram.com/uzedu.uz

барыў, олардың материаллық-техникалық базасын беккемлеў ушын усы қарар тийкарында ажыратылып атырған қаржылар муғдарынан тысқары қосымша орынланатуғын жумысларды қаржыландырыў қала ҳәм район жергиликли бюджетлериниң қосымша дереклери есабынан әмелге асырылыўы белгилеп қойылсын»-деп көрсетип өтилгенлигин есапқа алып, қалған қаржы дереклерин өз ўәкиллигиңиз шеңберинде әмелге асырылса, мақсетке муўапық болады деп есаплаймыз.

**Министр** **Р. Реимов**

Таярлаған: Ж.Қосбергенов
Тел: (61) 222-95-13